

Kisa nou fè?



Liy Telefonik pou Asistans Gratis
Rele nimewo telefòn gratis nou an pou w jwenn kontak dirèk ak yon konseye ekspè nan domèn sante. Ou kapab jwenn konsèy detaye, presi depi sou premye apèl ou a.

Asistans Endividyalize

Nou ede yon santèn moun chak mwa atravè liy telefonik asistans nou an ak rezo ajans nou yo. Nou reponn kesyon senp, ede ak odyans san patipri, epi anpil lòt bagay.

Prezantasyon Kominotè

Nou bay moun enfòmasyon sou Swen Kontwole Alontèm (Managed Long Term Care), FIDA ak HARP.

Kijan nou ka ede w?



- Nou reponn kesyon sou Medicaid, Medicare, swen alontèm, sante konpòtmantal, epi swen kontwole.
- Nou ede w deside ki plan ki bon pou ou.
- Nou rezoud pwoblèm yo avèk plan swen kontwole w lan.



ICAN

Independent
Consumer Advocacy
Network

Jwenn asistans jodiya.



Sèvis nou yo gratis.

Rele: (844) 614-8800

Liy telefonik pou asistans nou an louvri Lendi pou Vandredi, 8am a 6pm.

Si w soud oswa bèbè, ou ka rele **711** pou itilize Sèvis Relè NY la.

Nou pale Panyòl, Ris, ak Mandaren. Nou genyen entèprèt pou tout lòt lang yo.

Imèl: ican@cssny.org

Sit entènèt: icannys.org

**Community
Service
Society** | Fighting Poverty
Strengthening
New York

633 Third Ave.
New York, NY 10017
(212) 254-8900
cssny.org

ICAN se yon pwogram Community Service Society, e se Leta New York ki finanse li. Se Imaginary Office ki fè konsepsyon an. Aktyalize nan mwa janvyè 2017.

Haitian Creole



Jwenn Èd pou Swen Kontwole.

Mande ICAN. Nou se yon resous endepandan, gratis, epi konfidansyèl pou ede w pran desizyon sou asirans sante ki bon pou ou.



ICAN

Swen alontèm vle di w genyen yon lòt moun ki pou ede w ak aktivite toulejou w yo (tankou yon asistan adomisil oswa nan yon mezon retrèt). Medicaid peye pou swen alontèm.

Sante Konpòtmantal vle di w genyen èd pou rekiperasyon pou epi viv ak maladi mantal oswa twoub nan itilizasyon dwòg.

Kisa ICAN ye?



ICAN ye se pwogram Medyasyon Leta New York pou moun ki genyen Medicaid ki bezwen swen alontèm oswa sèvis sante konpòtmantal.


Ki moun nou ede?



- Nenpòt moun ki enskri oubyen ki kalifye pou Managed Long Term Care, MLTC, Fully Integrated Duals Advantage (FIDA oswa FIDA-IDD), ak Health and Recovery Plan yo (HARP) oswa sèvis swen alontèm atravè yon plan Medicaid Managed Care (MMC).
- Nou ka pale avèk ou, avèk manm fanmi w, oswa avèk nenpòt moun k ap ede w ak desizyon sou swen sante w.

Rezo ICAN nan sèvi tout eta a.

Lè w rele ICAN, w ap jwenn èd nan men yon òganizasyon ki tou pre w. **Rele (844) 614-8800** pou w rantre an kontak ak manm ICAN lokal ou a.



* Espesyalis nan HARP ak nan sante konpòtmantal

** Espesyalis nan FIDA-IDD